

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang léngkah-léngkah panalungtikan anu dijieun ku panalungtik. Dina ieu desain ngawengku métode panalungtikan. Métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2006, kc. 160).


Desain ieu panalungtikan nyoko kana desain kualitatif kalayan ngagunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 2006, kc. 239).

Anu jadi dasar dipakéna métode déskriptif nya éta ieu métode bisa leuwih museur dina ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghaeupan. Métode deskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun larapna undak usuk basa Sunda dina sumber data nu mangrupa surat pribadi siswa kelas VIII A SMP Kartika XIX-1 Bandung.

Desain panalungtikanieu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekan, jeung (10) nyusun laporan.

Sangkan leuwih jéntré, langkah-léngkah panalungtikan kagambar sakumaha bagan ieu dihandap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data nya éta sumber informasi minangka bahan anu bakal dianalisis (Siswantoro, 2010, kc. 70). Data dina ieu panalungtikan nya éta larapna undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII A SMP Kartika XIX-1 Bandung. Ari sumber data nya éta subjék ti mana data dimeunangkeun (Arikunto 2006, kc. 129). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil tulisan nu mangrupa surat pribadi nu dijieun ku sakabéh siswa kelas VIII A SMP Kartika XIX-1 Bandung taun ajaran 2015-2016. Jumlah sumber data dina ieu panalungtikan nya éta 20 siswa, nu kabagi kana 4 siswa lalaki jeung 16 siswa awéwé.

3.3 Pangumpul Data

3.3.1 Instrumén Pangumpul Data

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasil anu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto, 2006, kc. 160).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumén pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa lembara tés, angkét jeung kartu data.

a. Lembaran tés ngarang

Ieu lembaran tés ngarang téh eusina ngeunaan pituduh atawa katangtuan pikeun nulis surat pribadi. Format lembar tés nulis surat pribadi, saperti ieu dihandap.

Pancén

Jieun surat anu sarat-saratna ditétélakeun ieu di handap!

1. Téma surat : surat pribadi
2. Panjangna surat : maksimal sakaca
3. Pigawé kalawan ngagunakeun aturan katatabasaan!
(Minimal 3 paragraf, ngawengku bubuka, eusi jeung panutup surat)

b. Angkét

Lembaran angkét ieu eusina ngeunaan soal pikeun nguji kamampuh siswa dina mikanyaho pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda.

Soal

1. Apal teu kana undak usuk basa Sunda téh?
 - a. apal
 - b. henteu
2. Sok dipaké tara undak usuk basa Sunda dina kahirupan sapopoé?
 - a. sok dipaké
 - b. Tara dipaké
3. Satuju teu diayakeunna undak usuk basa Sunda?
 - a. satuju
 - b. henteu
4. Hésé teu ngagunakeun undak usuk basa Sunda dina nulis nulis surat pribadi?
 - a. hésé
 - b. henteu
5. Penting teu ayana undak usuk basa Sunda dina surat pribadi?
 - a. penting
 - b. henteu

c. Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data kasalahan ngagunakeun undak usuk basa Sunda anu aya dina surat pribadi siswa. Format kartu datana, digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Kartu Data

Contoh Kalimah..... (S.01/K.01)

Undak usuk basa Sunda:

- a. Larapna
 - 1) Basa loma :
 - 2) Basa lemes :
 - (a) Sorangan :
 - (b) Batur :
- b. Kasalahan
 - 1) Nu dipaké :
 - 2) Kuduna :

Keterangan:

S.01 : S.01 (siswa nurutkeun absén)

K.01 : K. 01 (kalimah ka sabaraha)

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

a. Téhnik Tés

Dina ieu panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun téhnik tés, nya éta méré tugas nyieun surat pribadi ka siswa kelas VIII A SMP Kartika XIX-1 Bandung Taun Ajar 2015-2016.

b. Téhnik Angkét

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik angkét, nya éta nyieun pertanyaan ku guru ditujukeun ka siswa kelas VIII A SMP Kartika XIX-1 Bandung pikeun mikanyaho pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda.

3.4 Analisis Data

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik analisis sacara langsung, Anu kudu dianalisisna nya éta (1) basa surat, (2) undak usuk basa Sunda dina surat, jeung (3) kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina surat. Ari léngkah-léngkah ngolah datana saperti ieu dihandap.

a. Analisis Surat Pribadi

1) *Meunteun kamampuh siswa*

$$N = \frac{\sum B}{\sum T} \times 100$$

N = perséntase kamampuh siswa

$\sum B$ = jumlah kecap nu bener

$\sum T$ = jumlah kecap (UUB) nu dipaké

2) *Nangtukeun patokan*

Tabél 3.2
Nangtukeun Patokan ku Cara Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval persentase tingkat ngawasa	Nilai ubah skala lima		katerangan
	0-4	E-A	
85% - 100%	4	A	Alus pisan
75% - 84%	3	B	Alus
60% - 74%	2	C	Cukup
40% -59%	1	D	Kurang
0% - 39%	0	E	Goréng

(Burhan Nurgiantoro, 2001, kc. 399)

b. Analisis Basa Loma jeung Basa Lemes (Keur Sorangan jeung keur Batur)

Analisis basa loma jeung basa lemes ngagunakeun ukuran préstasi nu dihontal ku siswa.

1) *Kamampuh ngagunakeun basa loma*

$$L = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah basa loma nu merenah

Y = jumlah basa loma nu dipaké

L = Perséntase larapna basa loma

2) *Kamampuh ngagunakeun basa lemes keur sorangan*

$$Ls = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah basa lemes keur sorangan nu merenah

Y = jumlah basa lemes keur sorangan nu dipaké

Ls = perséntase larapna basa lemes keur sorangan

3) *Kamampuh ngagunakeun basa lemes keur batur*

$$Lb = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah basa lemes keur batur nu merenah

Y = jumlah basa lemes keur batur nu dipaké

Lb= perséntase larapna basa lemes keur batur